18. Sedangkan raden Jayengrana, dibawa ke gunung Wijil, diserahkan kepada Pangeran Adipati yang dihadapi oleh segenap mantri, kepada Jayengrana diajukan pertanyaan, Pangeran Adipati berkata, Ki Jayengrana, kepada anda saya ajukan pertanyaan, lebih baik mana mati atau hidup.
19. Silahkan memilihnya, pulihlah salah satu Jayengrana menyampaikan, slia menghadap ke bawah dan menangis, bila diperkenankan maafkan Sri Sunan, saya mohon hidup, saya hanya orang awam, makan nasi hanya-lah satu suap saja.
20. Sangatlah marah dalam hati, Kanjeng Pangeran Adipati, tidak ada faedahnya, nanda memperoleh seorang putri bangsawan, rakyat awam kawin dengan putri bangsawan, yang bobotnya sama dengan saya, anda memilih hidup, itu ada insan yang paling jelek, yang berarti Jayengrana menghina.
21. Membuat bopeng raut muka di dunia, anda akan dihabisi nyawanya, kemudian Pangeran Adipati beserta kepada mantri pemenggal kepala, dan menugaskan kepada Jagalatan, sudah bawa pe-
- (206) dan telah dihunusnya, Jayengrana kemudian dipenggalnya.
22. Yang menghabisi nyawa Jayengrana, adalah dua orang mantri pemenggal, Jayayaga Ulatan, pada hari Rabu Pa-hing, tanggal 18, bulan Rejeb kepala Jayengrana, telah dipenggalnya, serta hatinya di-telan Jagaulatan.
23. Ditelannya hati, karena Jagaulatan mempunyai cita-cita (punagi), bila kelak tertangkap dalam perang, saat itu juga Jayengrana, hatinya akan saya makan (telan), ka-rema membawa atau melarikan isterinya, yang tertinggal di desa, sedang Jayengrana yang mengambilnya, karena-nya panas hati Jagaulatan.

24. Penusukan badannya, dilakukan dengan padeng sakti, kemudian Pangeran Adipati, mengirim utusan ke Semarang, disertai surat, tidak ketinggalan surat untuk Skeber, kepala Jayengrana, diserahkan kepada Belanda, yang ditugaskan 7 orang utusan.
25. Sedang Ki Singayuda, yang melaksanakan tugas, yang menangkap Jayengrana, dinaikan pangkatnya menjadi mantri, kemudian ada yang datang, Belanda yang takluk, hanya seorang saja, dari ayahnya Nerpati, Kanjeng Pangeran sangatlah sukacitanya.
26. Terkisahkan yang diberi tugas, ke Sekeber telah tiba kembali, yang diundang telah
- (207) tiba, dan seekor kuda, sangatlah baiknya kuda telah diserahkan, kepada Kanjeng Pangeran Adipati, lama berada di gunung Wijil kemudian datanglah seorang duta.
27. Dari raja, Kudanawasa memberi kabar, bahwa memperoleh kemenangan dalam peperangan, Kaduwang telah ditangginya, sedangkan peperangan yang dilakukan, jatuh pada hari Jum'at tanggal 9, masih dalam bulan Rajab, tahun Dal jatuhnya kota Kaduwang.
28. Dan menyerahkan kepala, dua buah kepala kepalanya mantri, serta rampasan senapan, kuda payung dan keris, dipersembahkan kepada Pangeran Adipati, serta apa yang telah terjadi, kemudian Pangeran Adipati, mengirim utusan kepada Kumpeni, Sekeber yang berada di gungung Camping Mataram.
29. Menyerahkan kepala, payung keris serta kuda kepada Sekeber dikengkapi dengan sepucuk surat yang diutus dua orang mantri, Kudanawasa dan lain-lain, menyerahkan boyongan (putri), 14 orang isteri/perempuan, dan kemudian ditambah lagi, yang terakhir seorang mantri nama Jayawikrama.
30. Kepada Sekeber dilampiri sepucuk surat, kemudian ada

- utusan tiba, dari Uprup Sala, serta sepucuk surat isi berita, telah diterima ki-
- (208) riman surat, dan isinya, bahwa Wiranata yang dahulu turut Sunan, Wiranata takluk ke Sala.
31. Segera Pangeran Adipati, telah memberi jawaban atas surat, kepada U prup di Sala, kemudian Pangeran Adipati, memerintahkan kepada pasuakn Sarageni, yang berjumlah 40 orang diberi nama Tanuastra, dan berada di gunung Wijil, dan tibalah utusan dari Danawarsa.
32. Menyerahkan dua orang putri sebagai boyongan ditambah senjata dan keris, keris milik Kartawirya, Kartawirya telah gugur, serta menyerahkan kuda, berjumlah 15 ekor, kemudian datanglah utusan, dari Semarang, membawa surat dari Ideller Semarang.
33. Bersamaan dengan Cakrajaya, tibalah Kartadirja, yang dari Sokawati, maju ke depan dan menyembah, perjalanan hamba gusti, meratakan lawan telah hamba lakukan, Gusti di Sokawati
- (209) sekarang telah merata, telah terang karena lawan telah hilang.
35. Tambahan lagi mempersembahkan 4 orang, yang takluk pada mantri, nama Suryanaka, dari ayahnya Kanjeng Gusti, yang pada saat ini kanjeng Rama Aji, berada di Semawi, termasuk daerah Gagatan, yang sering kirim surat Jeng Susunan kepada Ideller di Semarang.
36. Yang tinggal pasukan Sang Nata, sekitar 300 orang, laki-laki dan perempuan, Sunan gering adapun yang diderita panas-dingin  
Pangeran Adipati, sering kelakukam main kartu dan menari tayub, dan utusan kepada Ideller di Semarang, yang ditugaskan dua orang mantri.
37. Nata demang Karanganyar, serta mantri Malang semirang,

membawa surat dan kiriman, sapi dan kuda, bersamaan dengan kehadiran duta yang dari Sang Prabu, dan menyampaikan surat dan telah tersirap isinya surat, mohon perkenan mengangkat Sirapringga.

38. Kanjeng Pangeran Adipati, memberi ijin dan menjawab dengan surat, kepada Pangeran Prabu Jaka, yang berada di Kediri, kemudian Pangeran Adipati, kawin dengan naksanaknya  
Tumenggung Pringgalaya, pada hari Akad tanggal 4 Ruwah tahun Dal.
39. Tahun dibuatkan sangkalan, Trus Pandhita Bah ing Bumi, ada lagi istrinya, Kanjeng Pangeran Adipati, nama Raden Retnawati, me-  
(2 IO) lahirkan seorang putra putri, Sabtu Pon tanggal 9, Ruwah tahun Dal.
40. Kemudian patih Danawarsa, mempersembahkan kepalanya mantri, Kartawirya dari Kaduwang yang dulu perberang, sekarang telah mati tertangkap, tumenggung Mangundirja, yang menguasai Magetan, dan menyerahkan boyongan (putri-putri).  
= 1679.
41. Boyongan berjumlah 27 orang putri, serta mempersembahkan kuda, senjata serta keris kepada Pangeran Adipati, bupati Ponorogo nama Tepasana, mempersembahkan kuda, berbulu hitam sebanyak dua ekor, serta uang kepada Pangeran Adipati.
42. Kemudian Kanjeng Pangeran Adipati, menikahkan putra seorang putri, nama raden ajeng Sobro, dengan raden Somanegara, putra bupati Mataram Janingrat, setelah perkawinan berlangsung, mereka ke Somareja, dan diadakan upacara temu di gunung Wijil.

43. Mereka memperoleh berita, bulan Ruwan sama tahunnya, hari Rabu Kliwon, senjata telah dípersiapkan, lengkaplah para bupati, bupati dalam dan luar laki-laki perempuan, dan terdengarlah aba-aba senjata, dentuman senjata dan dalam perjalanan tidak terdengar berita.
44. Kemudian demang Karanganyar, dan Malangsumi-
- (211) rang tiba, bertolak dari Semarang, membawa surat, dari Ideller memberi kiriman renda/sulaman, laken biru dan merah, kemudian Kanjeng Pangeran Adipati main kartu.
45. Sedangkan para abdi seluruhnya, tumenggung mantri prajurit, menari bedaya dan teledek makan besar minum minuman keras, pada hari Selasa malam, tanggal 19 bulan Ruwah, semalam makam besar, main kartu semalam suntuk, pada saat Pangeran berganti nama.
46. Ganti ñama, Pangeran Cakranegara, pada waktu pesta-pesta, diadakan perubahan nama, dan berada di gunung Wijil, kemudian tibalah megeng Puasa, dan segenap balatentara menyelenggarakan sholat, Pangeran Adipati juga, tidak kosong (terus menerus) melakukan sholat dalam bulan Puasa.
47. Balatentara melakukan maleman, bagaikan laut barisnya, selesai bulan Puasa, tibalah Garebeg, punggawa serta prajurit, makan dan minum, kemudian para putra, dengan isteri, dan Kakek/nenek menuju Kedungwaringin.
48. Banyak diantara isterinya, yang dengan cepat-cepat digandengnya, Pangeran Mangkudiningrat, ditugaskan untuk menyerang, ke arah barat jalan berangkat dengan pasukannya, Pangeran Adipati tetap berada di gunung Wijil, tidak henti-hentinya main kartu untuk menghibur diri.
49. Kemudian ada utusan datang, dari Ayahnda Nerpati, berjumlah 40 orang, menyerahkan diri kepada Pangeran Adipati, kemudian datang lagi

dari Menorah Kedhu, putranda Pangeran, dulu Adiwijaya, yang

50. Raden Adikusuma, sowan menghadap Pangeran Adipati, kemudian diwisuda, oleh Kanjeng Pangeran Adipati, kemudian ada lagi, utusan daiknya tiba Pangeran Mangkudiningrat, memberi kabar lewat surat, kepada kakanda Kanjeng Pangeran Adipati.
- 51..Bawa tidak mencapai kemenangan dalam pertempuran, melawan Belanda, Kumpeni hanya 20 orang, dari Boyolali, 50 orang Bugis-Bali pertempuran berlangsung di Jurang Kadut pasukan yang gugur sebelas termasuk seorang lurah mempertahankan diri berusaha mengenyahkan Kumpeni dengan pasukannya.
52. Kemudian Pangeran Adipati, membantu berupa prajurit, tumenggung Suramangunjaya, membawa banyak peserta, pasukan Tanaustra telah turut, dan raden Suralaya, yang menguasai Brebes, Jagalatan yang menjadi orang yang memperoleh kepercayaan.
- 53.Telah siap sedia diseluruhnya, berangkatlah  
(213) dari gunung Wijil, bertepatan dengan hari Selasa, kemudian pada hari Kamis Wage-nya Janingrat di Mataram, serta Pringgalaya ditugaskan, berangkat untuk bertempur berangkatlah dari gunung Wijil, diserbulah negara Metaram.

## **BABAD KEMALON**

### **I**

205



#### **A. (SINOM)**

1. Dan kalanira sinerat  
hing malem Rebo Alegi  
tanggalipun ping nembelas  
Epon pasarane ugi  
Sapar wau kang sasi  
Ehe Wawu taunipun  
nuju mangsa katiga  
sengkalane kang lumaris  
Karti Roro Pandhita Eka semana.
2. Hanenggih kang ginupita  
jeng pangran Mangkunegari  
kalanira habedhama  
  
lan kang rama Sri Narpati  
Jeng sunan Mangkubumi  
Kabanaran kang kedhatun  
semana jeng Pangeran Dipati apacak baris  
neng Kemalon yun-ayunan lan Welanda.
3. Wadya Kumpeni semana  
wong Bugis kalawan Bali  
Ambón kalawan wong Ngusar  
Kemalon denny miranti  
hajejagang Kumpeni  
mung let ing simping sadhusun  
lan ingkang pamondhokan  
Pahgran Dipati ing Candi  
tan winarna ing dalu, enjang ngayuda.

- (3).4. Campuh angaben senjata  
long linongan ingkang jurit  
aprang dumugi sadina  
yudane datan winarni  
Pangeran Adipati, sump sabalane mundur  
dalu amasanggrahan  
enjing lajeng aprang malih  
yudanira samya angaben senjata.
5. Kumpeni tan purun medal  
saking jro jugang bedhili  
kang senjata tan tumama  
kang ing jawi ambedhili  
mila mung ngaben bedhil  
kadang let sadina campuh  
terkadhang saben dina  
mundur kasaput ing wengi  
lamun dalu rereb samya pamondhokan.
  6. Injing malih mangkat aprang  
para Tumenggung Mentawis  
Pangeran Mangkudiningrat  
sabalanira ajurit  
tan tumemen ing kardi  
genya turut prang ngubyung-byung  
lir singa wong arahan  
haprang aneter atebih  
mung wong Mangkunegaran kang nemen aprang.
  7. Sranggeni lan Mantri Jaba  
kang tumemen ingajurit  
hing dalu hamasanggrahan  
sawadya wah Ngran Dipati  
enjing hambanjel malih  
lawan Kumpeni acampuh  
aprang tatas sadina  
masanggrahan Candhi malih  
lamun dalu akarya mimis cinithak.
  8. Yen rina kinarya yuda  
sadina telas kang mimis  
saben dalu malih karya

mimis lan kasukan ringgit  
rina kinarya jurit  
kasukan dhadhu karetu  
enjing sadina aprang  
sump kondur karya mimis  
Tan kawilang kabere Pangran Dipatya.

- .9. Kumpeni mempen kewala  
aneng Kamalon abaris  
wau ingkang kawarnaa  
Kanjeng Susunan Metawis  
sampun waskitheng warti  
yen yudaning balanipun  
aprang samya daleya  
ing ngayuda tan nedhasi  
pra Tumenggung tan tumemen ing ngayuda.
10. Nanging keng putra Pangeran  
Dipati Mangkunagari  
kang tumemen ing ngayuda  
sabalane nemen jurit  
wau Sri Narapati  
kewran duka jroning kalbu  
mring kang baia sadaya  
anulya Sunan Metawis  
Prajurit jro kapilih samya ngandikan.
11. Wong gandhek ingkang dinuta  
campake datan winarni  
kang prajurit Suryanata  
wong kapilih sampun prapti  
ing ngarsane Nrepati  
kang duka dalem wus dhawuh  
ana ingkang pinenthang  
ana ingkang den pejahi  
lan pinerung ingkang lelepa ing karya.
12. Anulya Sri Naranata  
anembang tengara aglis  
lir gerah swaraning baia  
sagegamaning miranti

bubar Sri Narapati  
kang wadyabala lumaku  
tan kawarna ing marga  
arereb Sri Narapati  
Pajarakan sabane pamondhokan.

13. Pramila majeng Sang Nata  
saking pegele kang galih  
dening yudane kang bala  
tan masah ngrangsang Kumpeni  
dalu-dalu Narpati  
putusan sampun lumaku  
animbali kang putra  
Pangeran Mangkunegari  
sampun prapta baris Pangran Dipatya.
- S). 14. Tumanduk dutaning Nata  
marang Pangeran Dipati  
jeng ngandika ing angandikan  
ing rama paduka Aji  
ing mangkyu Jeng Narpati  
rama paduka Sang Prabu  
mangkat saking Banaran  
rama paduka Sang Aji  
pan arereb masanggrahan Pajarakan.
15. Agepah Pangran Dipatya  
ingandikan rama aji  
bala tinilar sadaya  
umangkat kalaning wengi  
tan kawarna ing margi  
ing Pajarakan gya rawuh  
panandhing sirep jalma  
papanggih lan Rama Aji  
langkung suka kang galih Sri Naranata.
16. Sadalu apaguneman  
kang putra lawan Sang Aji  
kathah dinangu Sang Nata  
ing tingkah rakiting jurit  
kang apangandika Aji

Ki Dipati putraningsun  
kapriye kandhanira  
**para Tumenggung yen jurit**  
apa deneng kang prajurit jro sedaya.

17. Tan ana ngentas ing karya  
mungsuh Kumpeni akedhik  
kandhanira pan akathah  
kaya paran Ki Dipati  
kang putra matur ans  
kawula asru anuwun  
mangsa borong paduka  
panawang dalem prajurit  
boten saged umatur ing Rama Nata.
18. Angandika Sri Narendra  
putra ngong Ki Adipati  
yen mangkono karsaning wang  
kang kariya wong kapilih  
rumeksa marang mami  
dening kajabane iku  
wong jro sira hirida  
kabeh adunen ngajurit  
Nangkragnyaha jagabaya Suryanata.
19. Sarageni nameng yuda  
kaum miwah para kaji  
padha adunen ngayuda  
Mandaraka kang nindhihi  
lan si Rangga tetindhijihe  
si Prawirosentikeku  
mriyem kagawa papat  
kestabele aja kari  
dening ingsun kondur marang Kebanaran.
20. Kang putra matur sandika  
denva agunem sawengi  
byar rahina sareng bubar  
kondur Sang Sri Narapati  
mring Kabanaran malih  
Pangran Dipati lumaku  
ngirid prajurit Nata

wong jro ingkang nganindhiji  
ipe dalem Mas Ronggowirasantika.

21. Mbekta mariyem sekawan  
dhatan kawarna ing margi  
panwandhi pecat rakitan  
kongak barising Kumpeni  
Pangeran Adipati  
baiane kapanggih sampun  
wus tata amelatar  
pra temenggung rembag sami  
sigra majeng angangseg barisan Welanda.
22. Aprang angaben senjata  
Pamalon bala Kumpeni  
adhedhep sabalanira  
datan ana amedali  
prajurit ing Metawis  
tan wani ngrangsang amaju  
tan wani ngrangsang dhadha  
mung sami bedhil bedhil  
samyang aprang angagem mriyem kewala.
23. Kasaput dalu kang yuda  
mundur bala ing Matawis  
rereb sagolonganira  
kondur Pangeran Dipati  
amondhok Candhi malih  
akarya mimis sadalu  
larywa areringgitan  
enjing atengara jurit  
pra tumenggung prajurit jroning Metaram.
24. Sareng banjel ing ngayuda  
para tumenggung Metawis  
Pangeran Mangkudin ingrat  
Kanjeng Pangeran Dipati  
bala banjel Kumpeni  
ing Pamalon wus kinepung  
lajeng campuh kang yuda  
ngaben senjata gen jurit  
aprang mriyem Kalataka mwang sunapan.

- .25. Arane ngaben senjata  
 swarane lir rusing wukir  
 sonten kondur kang ngayuda  
 miyang pamondhokan kalih  
 enjing Kumpeni mijil  
 saking pamondhokanipun  
 sepalih ngambil tedhi  
 angaler ngilen lumaris  
 kang sapalih kantun nengga pabarisan.
26. Wadya Metaram tengara  
 arsa nututi Kumpeni  
 kang mijil ngambil panganan  
 Kanjeng Pangran Adipati  
 wus tengara miranti  
 sareng wau angkatipun  
 ngaler ngilen lampahnya  
 dhatan kawarna ing margi  
 ing Karapyak panggih ayun-ayunan.
27. Arane campuh ing yuda  
 adangu bedhil-binedhil  
 sawadya nempuh nerajang  
 Kumpeni prange kalindhuh  
 ambereg wong Metawis  
 Kumpeni mundur mangidul  
 tarung leres samarga  
 malebet Kemalon malih  
 samya kendel pamburune wong Metaram.
28. Mundur malih pamondhokan  
 sawadya Pangran Dipati  
 kondur samya masanggrahan  
 amondhok ing Candhi malih  
 nulya gandhek kang prapti  
 utusanira Sang Prabu  
 samiya mawi nawala  
 katur ing Pangran Dipati  
 dyan winaca sasmitane kang nawala.
29. Dumuka dalem dhawuha

sakeh niyaka Metawis  
myang prajurit jro sedaya  
Kemalon Kumpeni kedhik  
kandhanira prajurit  
akathah tan ana ewuh  
apa tan daya nira  
nuli rangsangna tumuli  
iya sapa kang leleda ing ngayuda.

30. Sun titipaken kang sirah  
tan tumemen ing ngajurit  
Pangran Dipati sandika  
dalat lenggana ing kapti  
putusan tan winarni  
Pangran Dipati dyan rembug  
lan sagung pra niyaka  
subedyta angantep jurit  
ngrangsang jagang sigra nulya atengara.
31. Gugup ajrih ing parentah  
para tumenggung Metawis  
prajurit wong ing Metaram  
tanapi Pangran Dipati  
ingkang ngabdi wus rikit  
Prajurit asri dinulu  
gandera abra sinang  
wus malatar ingkang baris  
kang gegaman amindha pati angaran.
32. Tengara sigra umangkat  
sawadya Pangran Dipati  
gegaman bubar sadaya  
sumedya angrangsang wani  
semana mapan mawi  
gegamelan bara wangslul  
ingkang binekta aprang  
Kanjeng Pangeran Dipati  
miyos saking lor Kemalon saha bala.
33. Prajurit jro ing Metaram  
saking wetan amiyosi

mas Ronggo Wirasantika  
kang dadya tetindhuh jurit  
saking wetan amawi  
mariyem adharat magut  
Dipati Jayaningrat  
kanthi tumenggung kekalih  
Janapura kalawan Jayanegara.

34. Sabala nira katiga  
saking kidul amedali  
Pangeran Mangkudiningrat  
sabala nira pribadi  
Kidul wetan medali  
Kemalon kinepung-kepung  
Tumenggung Danawarsa  
anindhihi mantri jawi  
Wiranata para tumenggung wong jaba.
35. Saking Ler kilen gen medal  
sakanca nira wong jawi  
mantri jro Pan gran Dipatya  
lan sagung kang Sarageni  
saking Ler amiyosi  
mung kang kilen ingkang suwung  
Kumpeni kawarnaa  
kang ana sajroning baris  
ingKemalon sampun miranti ngayuda.
36. Malatar sabalanira  
Kumpeni myang Bugis Bali  
lan wadyabala ing Sala  
Pangran Bintara nindhihi  
miwah tyang pasisir  
sumedya sareng ngalebur  
tan gumingsir ngayuda  
sumedya andhengah pati  
dening marganipun sampun kepepetan.
37. Ingkang anadhahiyuda  
kang kidul Bugis lan Bali  
kalawan prajurit Jawa  
Kidul wetan anadhahi

Kumpeni dharat kanthi  
Pangran Bintara wus magut  
ingkang nadhahi wetan  
pra gunder Bugis lan Bali  
mengsaah eler ingkang nadhahi ngajuda.

38. Kumpeni dharat lan Nusar  
pangagengipun Kumpeni  
Uprup anindhiji yuda  
tanapi Bugis lan Bali  
Ler kilen kang nandhahi  
wong pasisir Bugis wangslu  
kanthi Welandi dharat  
sedaya wis miranti  
kadya gerah swarane wong pabarisan.
39. Tanbuhe polahe wong Jawa  
Kemalon mempen awiwrin  
dhedhem neng sajironing jagang  
sedaya anderah pati  
kang nglanggar sareng prapti  
lawan Kumpeni acampuh  
samya tarung sanjata  
sunapan mariyem muni  
kadya guntur obah kang bumi prakempa.
40. Sareng campuh ing ngayuda  
ulekan campuh kang jurit  
peteng kukusing sundawa  
gumrudug tibanning mimis  
titak mriyem naprangi  
swarane lir gunung rubuh  
langit akelap-kelap  
ponang siti gonjang-ganjang  
ramening prang anglir manengker ngawiyat.
41. Angling ruk ingkang ngakara  
tambur bendhe lan gong beri  
kang cara Bali angangkang  
lir udan tibanning mimis  
prajurit kang ngemasi

saking turanggane ambruk  
kathah ingkang kabranan  
akathah ingkang ngemasi  
lebu mawur kasirat dening ludirá.

42. Kalangkung ramening yuda  
tan ana angucap ajrih  
ing satengahing paprangan  
Kumpeni Usar kakalih  
Nander mungkul neng ngarsi  
ing Pangran Dipati katur  
katrima ing ngapura  
kalih lajeng tumut jurit  
ulet awor ararne ingkang ngayuda.
  43. Kinarutug ing senjata  
mantri jro datan gumingsir  
mimis Kumpeni lir udan  
tutul tinutul ing bedhil  
kang wetan wong Metawis  
rame denya aprang pupuh  
wong Kumpeni apanggah  
bala Metawis angkikh  
dadya kuwel pan sami silih prajaya.
  44. Prajurit jro wong Metaram  
samya dharat ngukih jurit  
para Kaji Suryanata  
deder dineder agenti  
dangu denira jurit  
wong Metaram kathah tatù  
akathah ingkang pejah  
Suryanata para Kaji  
samya miris prajurit jro wong Metaram.
  45. Akiwul-kiwul tan tahan  
Kumpeni angedrel wani  
mas Rangga Surasentika
- 1 ) mundur lan sakeh prajurit  
larut den soki mimis  
dening ingkang ngaprang kidul  
tan sembada ing rana

**pan kadya wong neningali**  
miwah ingkang kidul wetan pan mangkono.

46. Uprup pan ragi awegah  
amengsa Pangran Dipati  
Kumpeni ngumpul sedaya  
dragunder Usar Kumpeni  
Bugis Bali Kumpeni  
dharat akumpul mengidul  
wetan ler kilen samya  
angrubit Pangran Dipati  
Jeng Pangeran datan obah barisira.
47. Sawab mungsuhe wus sirna  
larut sadaya tan pulih  
wadya angaler sadaya  
ngarubut Pangran Dipati  
kinarutug ing bedhil  
masusun-susun matimbun  
riwut pan gulagepan  
pangedrele wanti-wanti  
pangamuke katampan mimis lir udan.
48. Saking danguning ngayuda  
kanjeng Pangeran Dipati  
pangreksane kang ngamulya  
yen kena adining mimis  
kadi tan dadi takir  
tanapi prajuritipun  
dangu-danguning yuda  
ana ingkang nandang kanin  
saya kathah prajurit kang kaprajaya.
49. Wong jero tatu pitulas  
nulya Pangran Dipati  
angrasa kabiyatan lawan  
alon undure lumaris  
tinutulan ing bedhil  
mariyem sinurung-surung  
kanjeng Pangran Dipatya  
alon lampahing prajurit  
songsong jenar lir pendah sang hyang ngasmara.

**B. (ASMARADANA).**

1. Kumpeni nora nututi  
mung ngarutuging senjata  
pangran Dipati lampuhe  
lan prajurit lon-alonan  
Kumpeni nora obah  
kendel sabalane wangsul  
marang pabarisan ira.
2. Kang wadyabala Kumpeni  
kang pejah datan winarna  
akathah wau baiane  
atanapi kang pralaya  
wau Pangran Dipatya  
sabalane ingkang kondur  
kendel Pangran Adipatya.
3. Palenggahan wus pepanggih  
lan pra niyaka Metaram  
lir kojem peteng mukane  
kanjeng Pangran adipatya  
kendel datan ngandika  
langkung kweran manahipun  
mulat niyaka Metaram.
4. Samya ngoncati ngajurit  
tan sembada sanggupira  
yen tinari ing pangkate  
tanapi yen pirembagan  
saguh aneng ngayunan  
satemah tilar pelayu  
tan mantra panggah ing yuda.

5. Yen ta sampuna akanthi  
kelawan pangran Dipatya  
kaya yen kathah rusake  
wadyabala ing Metaram  
nulya Pangran Dipatya  
bubar sabalane wangslu  
ing candhi amasanggrahan.
6. Atata ingkang prajurit  
(13) miwah wadya ing Metaram  
wus samya amondhok kabeh  
dyan Pangran Adipatya  
utusan mring Metaram  
atur uninga Sang Prabu  
Susunan ing Kabanaran.
7. Sarta angaturi tulis  
niyaka tur pejah gesang  
kalamun tiwas yudane  
sarakite ing ngayuda  
kawrat surat kabekta  
ing duta sigra lumaku  
lampahe datan winarna.
8. Ing Kabanaran wus prapti  
surat katur ing Sang Nata  
wus sinukma sasmitane  
sakature tiwas yuda  
nanging datan winarna  
kang pangandika Sang Prabu  
duka salebet wardaya.
9. Mring pra tumenggung Metawis  
ingkang leleda ngayuda  
Sang Nata sanget dukane  
daliya tiwas ngayuda  
pra prajurit Metaram  
putusan sampun tinundhung  
kang pitungkas Sri Narendra.

10. Sakathahe ingkang ngabdi  
lebet ngandikan sedaya  
mantuk mring Metaram kabeh  
nanging kang para niyaka  
kantuna pabarisan  
datan winarna wus rawuh  
prajurit jro Kabanaran.
11. Saprapthane ingkang ngabdi  
nata ingkang pangandika  
marang ing wadyabalane  
padha laju bibitingnya  
Kalibening ing ngrana  
kang bala bubar agupuh  
kang bibiting tan winarna.
12. Wonten kawarnaa malih  
Ideller nagri Semarang  
wus adandan sabalane  
Kumpeni dragunder Usar  
Bugis, Bali, Makasar  
wong pasisir kilen tumut  
miwah wong jaga Semarang.
13. Ideller wus ngudaneni  
yen Kumpeni ingkang nglanggar  
(14) marang Metaram lampahe  
tan buntas kendho ing marga  
datan saged lumampah  
den sisiwa ing dalenggung  
mring mengsaah wadya Metaram.
14. Mring Pangeraq Adipati  
mila Deller tulung yuda  
bubar sawadyabalane  
mangkat saking ing Semarang  
wong Kumpeni kumerab  
wong pasisir kilen kebut  
lampahe galang-galangan.

15. Angret kang dharat Kumpeni  
kang ngarsa Kumpeni Usar  
anulya Bugis Baline  
kaselan Kumpeni dharat  
dragunder munggeng wuntat  
dharat malih wurenipun  
wong Semaran g wuri pisan.
16. Gegaman kagiri-giri  
wong pasisir ngarsa pisan  
jalang^alangan lampahe  
gendera abrang asinang  
gegaman warna-warna  
Kumpeni gameng lir mendhung  
gegaman abra asinang.
17. Daten kawarna ing margi  
sadalu rereb Ungaran  
injing bibar sabalane  
sadalu ing Salatiga  
injing tengara bibar  
ing Bayalali sadalu  
injing tengara umangkat.
18. Margi geng tan den langkungi  
mangidul leres lampahnya  
anjujur ardi lampahe  
henengena ingkang lumampah  
ingkang ngajeng-ajengan  
ing Kemalon kang winuwus  
wadyabala ing Metaram.
19. Mirsa kabar yen Kumpeni  
Idler saking ing Semarang  
lelampah ageng baiane  
prapta saking ler lelampah  
Kemalon binantonan  
**(15)** pra niyaka pra tumenggung  
sigra atengara bubar

20. Samya wahana turanggi  
tan abekta wadya dharat  
sumedya mapag lampaque  
Kumpeni ingkang lelampah  
dening Pangran Dipatya  
mapan kantun datan tumut  
lan prajurit jro kewala.
21. Maksih neng pondhok ing Candhi  
sedaya tumut umangkat  
bala Metaram lampaque  
para tumenggung sedaya  
wanci sandhaping ngasar  
1er kilen Gondhang kapenthuk  
lan Kumpeni kang lelampah.
22. Pangajeng campuh ngajurit  
Kumpeni lan wong Metaram  
bedhil-binedhil ararne  
Kumpeni wanter nenrajang  
nerod wring wong Metaram  
binedhilan kinarubut  
miris wadya ing Metaram.
23. Kumpeni anerod wani  
dhadhal kabeh wong Metaram  
sipat keling palayune  
binerag asalang tunjang  
lali lurah myang rowang  
Kumpeni asru am burn  
kang kacandhak pinejahan.
24. Saking wantering Kumpeni  
kaleleh ingkang sekawan  
kapisah lawan bature  
awor lan wadya Metaram  
sigra kinandhang-kandhang  
tinumbakan kinarubut  
Kumpeni sekawan pejah.

25. Parabotira Kumpeni  
 lan senjatane binadhing  
 anulya lumayu muleh  
 wadyabala ing Metaram  
 Ideller sabalanya  
 denny lelampah pan laju  
 dyan prapta ing pabarisan.
26. IngKemalon den urmati  
 mariyem lan barondongan  
 Uprup mapag sabalane  
 lan Deller wus tatabayan  
 nyang Kapitan sadaya  
 atatabeyan sedarum  
 pra upeksir tetabeyan.
27. Nulya Pangeran Dipati  
 bintara atetabeyan  
 miwah pra tumenggung kabeh  
 myang Dipati Semarang  
 lajeng apilenggahan  
 ing jawi baia gumuruh  
 pra samya atata tata
28. Prayayi ageng Kumpeni  
 prasamya apilenggahan  
 lawan pra tumenggung kabeh  
 myang pangeraning Bintara  
 lariha wis sedaya  
 lajeng amangan anginum  
 myang urmat ingkang senjata.
29. Barondongan nuli-nuli  
 mariyem ambal-abalan  
 lir gurtung rubuh swarane  
 tambur salompret sauran  
 pan samya wiraosan  
 Deller lawan tuan Uprup  
 lan sagung para kapitan.
30. Apajar rakiting jurit

purwa madya wekasanya  
katur marang Deller kabeh  
anulya apirem bagan  
prayogane ing lampah  
Ideller ing karsanipun  
lantas dhumateng Metaram.

31. Ing dalu wadya Kumpeni  
wus malatar pamondhokan  
miranti sagolongane  
hnengena kang pamondhokan  
kocapa kang lumajar  
wadya Metaram anjujug  
barise Pangran Dipatya.
32. Sowan mring Pangran Dipati  
wus katur sak aturira  
yen mentas kawon yudane  
lan Kumpeni kang lelampahe  
babantu ing Semarang  
Ideler titindhihipun  
Kumpeni ageng kalintang.
33. Kemalon dipun bantoni  
saking negeri Semarang  
nenggih Deller pangagenge  
tumenggung sadaya tiwas  
lumajeng atur pejah  
senjata sekawan katur  
bandhangan sarta lumajar.
34. Wus katur aturing dasih  
wau Pangeran Dipatya  
kalangkung kewran manahe  
para Tumenggung sedaya  
matur para Dipatya  
kawula aturi mundur  
kuwatir ageng kang mengsa.
35. Langkung celak saking Candhi  
sanget kawatir kawula

para Tumenggung ature  
nulya Pangran Dipatya  
utusan mring Metaram  
atur uninga Sang Prabu  
Susunan ing Kabanaran.

36. Utusan sampun weneling  
yen Kumpeni binantonan  
sarta atur bandhangane  
senjata karben sekawan  
dyan utusan umerat  
ing dalu lampah andarung  
anulya Pangran Dipatya.
37. Sawadyabala miranti  
sigra atengara bubar  
ngetan sadaya baiane  
myang sagung para nayaka  
nenggih ing pabarisan  
ingKemalon sampun rawuh  
ing Wedhi apamondhokan.
38. Winastan desa ing Bajing  
dennya kandhev pamondhokan  
tata pamondhokan kabeh  
para Tumenggung sadaya  
sabala pamondhokan  
wadya Kumpeni winuwus  
ingKemalon pamondhokan.
- (18).39. Praptane Deller Kumpeni  
neng Kemalon tigang dina  
enjing bubar sakbalane  
laju dhumateng Metaram  
amyang baia meiatar  
muntab gegaman aselur  
lampahe jalang-jalangan.
40. Gegaman kagiri-giri  
prayitna samarga-marga

Deller manjer nuwalane  
anungkulaken wong desa  
samyu suwung sadaya  
wong bumi angungsi gunung  
sangsaya rusak wong desa.

41. Henengena kang lumaris  
warnanen Pangran Dipatya  
bubar sawadyabalane  
lan pra nayaka Metaram  
lampahe gurawalan  
anututi lampahipun  
Kumpeni kang mring Metaram.
42. Angengadhol saking wingking  
bala ka Mangkunegaran  
tan purun celak lampahe  
Kumpeni sampun uninga  
datan kendel lampahnya.  
kang wuri arebut ducung  
den kekadhol saking wuntat.
43. Sangsaya kebat lumaris  
sawadya Kumpeni prapta  
ing Kalibening barise  
wadyabala ing Metaram  
kang dhateng pabitingan  
prajurit Metaram gupul  
mapag Kumpeni kang prapta.
44. Sarta sampun atur uning  
mring Sang Nata ing Metaram  
Kumpeni mapan betenge  
Kumpeni lajeng nerajang  
angrangsang pabetengan  
bala Metaram amagut  
kinarutug ing senjata.
45. Larut kang atengga beteng  
lajeng marang Kabanaran  
Ideller laju lampahe  
alerep ing Pejagalan

sedalu enjing bubar  
alereb sabalanipun  
sakilening pajagalanan.

46. Alereb amung sawengi  
Ideller enjang tengara  
bubar sawadyabalane  
ngidul ngilen lampahira  
dhatan kandheg lampahnya  
wong desa sadaya suwung  
wong Metaram kudhandhangan.

### **C. (DHANDHANGGULA).**

1. Sakalangkung gegere wong cilik  
ngungsi wana arga asasaran  
nengna Kumpeni lampaque  
warnanen Sang Aprabu  
Kabanaran wus samranti  
sawadyabala nira  
myang pawestrinipun  
prajurit kang saking ngarsa  
prapta atur uninga Sang Sri Bupati  
yen Kumpeni wus prapta.
2. Nulya Kabanaran Sri Bupati  
tan pantara bubar sahabala  
purane binasmi dhewe  
Ngaler ngetan Sang Prabu  
sabalane minggah ing wukir  
ing Terong palanggeran  
lampahe lumintu  
enengena Sri Nara Nata  
warnaa Kanjeng Pangeran Adipati  
lan niyaka Metaram.
3. Datan kendel anut ing Kumpeni  
angengadhol malebeng Metaram  
aprang leres sadinane  
Pangran Dipati laju  
(20). masanggrahan wetaning kali  
ngumpak sakanca nira  
kang bala akumpul  
pan saben enjing ngayuda

wadya alit kalawan wadya Kumpeni  
kang pisah ngambil pangan.

4. Angambil pondhok dipun sabili  
wong Kumpeni tan purun anebah  
ngambil kang pacak barise  
kawarnaa sang Prabu  
kang lumampah kang minggah wukir  
ing Terong palanggeran  
mangaler tumurun  
saking ngardi masanggrahan  
ing Cembirit sawadyabala Nerpati  
wong Kalang sudagaran.
5. Wong Cembirit butamale enting  
rinayahan sarta dhinedhelan  
wong desa langkung nisake  
samyang angungsing gunung  
masanggrahan mung kalih latri  
enjang Sang Nata bubar  
ngaler lampahipun  
lan wadya lebet sedaya  
lan kang putra anem Pangeran Dipati  
pangran Bei kang nama.
6. Pra tumenggung sagung mantri jawi  
sabalane tinilar sadaya  
tunggil Pangran Dipatine  
ngadhol sabalanipun  
wau lampah ira Nrepati  
lajeng mring Sokawaty  
cinatur wus rawuh  
masanggrah aneng Tempuran  
sak abala atata samya miranti  
Sokawati tempuran.
7. Henengna kang neng Sokawati  
Sri Narendra Sentika warnaa  
(21) Metaram ingucap maneh  
pra niyaka kang kantun

angangdhol marang Kumpeni  
pangeran Adipatya  
lan sabalanipun  
para tumenggung sadaya  
mondhok wonten ing Ngumpak umangkat nuli  
prapta tengah Metaram.

8. Deller maju sampun sinung uni  
yen Sang Nata Kabanaran bubar  
anglesi ngetan parane  
ing Kabanaran suwung  
Deller langkung cuwa kang galih  
Deller lajeng lelampah  
sabala anjujug  
kandheg mondhol aneng Yogyakarta  
aneng Yogyakarta Kumpeni arsa bibiting  
gelugu kang kinarya.
9. Wong Jawane myang wong ing pasisir  
sabalane rakit pabarisan  
wong desa wus tarub kabeh  
wong Metaram wus tarub  
kula bumi ingkang sepalih  
lumadi ing Ngayogyakarta  
kang sapilih tumut  
wadyabala ing Metaram  
ingkang nganut ngengadhol marang Kumpeni  
pirang dina winarna.
10. Tan winarna denira jurit  
saben dina Kumpeni angenglanggar  
mring wong Metaram yudane  
long linongan yen dalu  
wong Kumpeni mring Yogyakarta malih  
wau wadya Metaram  
mubeng lampahipun  
pernahe nora karuwan  
aterkadhang mondhol sawengi rong bengi  
angalih pamondhokan.

- (22)
11. Tigang dina kawan dina ngalih  
Pangran Dipati Mangkunegara  
yenden ing pasanggrahane  
datan kena den etung  
saking Deres gen manggen jurit  
sadina prang sapisan  
ping kalih ping telu  
tarkadhang ping pat sadina  
aprang leres ngathiwul denira jurit  
datan kena ingetang.
  12. Long linongan den ira ajurit  
ingkang tatù miwah kang pralaya  
datan karuhan kathahe  
saben dina atarung  
balanira Pangran Dipati  
miwah bala Metaram  
areran yen dalu  
amondhok manggen padesan  
wong Kumpeni yen dalu pan samya mulih  
makuwon ing Ngayogyakarta.
  13. Saben injing nglanggar wong Kumpeni  
terkadang antara kalih dina  
tigang dina panglanggare  
kadhang aprang lumintu  
saben dina acampuh jurit  
kang asring menang aprang  
Kumpeni amburu  
wong Metaram sring kaplajar  
saking ngathiwule kang para prajurit  
ngengadhol purun aprang.
  14. Sadina pisan miwah ping kalih  
kadhang ping tiga prang ping sakawan  
aprang leres pangodhole  
sedaya tan kacatur  
dennya aprang awali-wali  
miwah gen pamondhokan  
nira wangsul-wangsul

**nenggih Pangran Adipatya  
lir kekeyan dennyang ngaben angiyumi  
marang kang bala-bala.**

- (23) 15. Pangran Dipati arsa ngawali  
para tumenggung para niyaka  
sakalangkung pangampohe  
sanget pamalangipun  
benjang ngawakana ajurit  
angantepa ing yuda  
lan rama Sang Prabu  
pramila Pangran Dipatya  
winabena munggeng pandengan upami  
marma ewet tyasira.
16. Pangran Dipati emeng kang galih  
pra tumenggung tinilar sadaya  
bubar mangetan lampaque  
mbekta wong patangpuluh  
mung mantri jro ingkang angiring  
wadyabala tinilar  
sadaya pan kantun  
Sragen miwah wong jaba  
pra tumenggung niyaka wus sinung nguning  
myang kang rayi sedaya.
17. Pangeran Mangkudiningrat icari  
sabalane lan Pangran Purbaya  
Pangran Mangkukusumane  
ingkang para tumenggung  
Wiradigda Suryanegara  
tumenggung Jayan ingrat  
Mandaraka kantun  
Janapura Janegara  
pan tinilar sabalane maksih baris  
wadya Mangkunegaran.
18. Tumenggung Kudanawarsa kang kari  
Wiranata Suramangunjaya  
Suradigdaya kan thine

Kertadirya pan kantun  
lan kancane pra mantri jawi  
Srageni lan prang tandang  
Merangga tan kantun  
wong Bugis miwah tamtama  
marang Kedungwaringin Pan gran Dipati  
tinjo putra myang garwa.

- (24) 19. Luwak Kagong sakabayan Matesih  
pan kadalon lereb Paserenan  
angsal taladhek karsane  
pun Rembut wastanipun  
kalangenan taledhek siji  
kapanggih Paserenan  
Sala angsalipun  
enjing lajeng lampah ngetan  
pan sadina rawuh ing Kedungwaringin  
surup ing rawuhira.
20. Kapanggih putra myang para rabi  
Raden Mas Sura kang Ngangaranyar  
langkung sihe ing putrane  
pulang ngasmara lulut  
lawan sagung kang para rabi  
nutug gennya kasukan  
adhahar anginum  
lan mantri jro kawandasa  
pan ingunggar manahe ingkang prajurit  
tuwuhan dana myang boja.
21. Taledhekan sarta nginum mawis  
samya suka mantri kawandasa  
wuru dawa-dawa kabeh  
mring Gusti asih lulut  
tunggal darah rahosing galih  
anutug akasukan  
warnanen kang kantun  
pangeran Mangkudiningrat  
pangeran Purubaya lawan ingkang rayi  
pangran Mangkusuma.

22. Pra tumenggung kang sedaya kari  
 baris sawetaning lepen Ngumpak  
 wadyabala sapungkure  
 Pangeran Dipati gupuh  
 dipun langgar marang Kumpeni  
 saking Yogyakarta kang nglarag  
 pan tinubruk purun  
 sarta angedrel senjata  
 kang abaris sawetaning Ngumpak kali  
 geger lumayu bubar.
23. Pangran Mangkudiningrat miranti  
 sabalane Pangran Purubaya  
 Pangran Mangkukusumane  
 lan sagung pra tumenggung  
 para mantri mangsah ngajurit  
 lan Kumpeni ayuda tinrajang purun  
 kinarutug ing senjata  
 mung sakedhap para sentana kalindhih  
 pra tumenggung lumajar.
24. Dhasar tinilar Pangran Dipati  
 ingkang kantun lir sasapu wudhar  
 salang tunjang palayune  
 lumayu rebut dhucung  
 dhatan wonten kang mugaren!  
 tan wonten kang ngapanggah  
 Kumpenia mburu  
 lir denawa rebut mangsa  
 Nander Maprung kang kacandhak den pateni  
 demugi Perambanan.
25. Kendel pamburune wong Kumpeni  
 dyan nulak walanda sabalanya  
 mring Ngayogya sabalane  
 tan ana ingkang kantun  
 dyan warnanen kang kawon jurit  
 samya rebut kuripan  
 den ira lumayu  
 dyan kumpul apirembagan

rembag kendel baris luluwak ing Wedhi  
ajrih celak Metaram.

26. Pra pangeran pra tumenggung sami  
pamondhokan wong Mangkunegaran  
neng luwak Wedhi pondhoke  
atur uninga sampun  
dhateng Kanjeng Pangeran Dipati  
putusan sampun prapta  
ing Kedhung wus katur  
ing Kanjeng Pangran Dipatya  
tan winarna purwa wekasaning jurit  
sampun katur sadaya.
- (26) 27. Nulya Kanjeng Pangeran Dipati  
lajeng atur uninga keng rama  
Susunan pasanggrahane  
ing Tempuran kang Prabu  
bumi luwak ing Sokawati  
utusan lumaksana  
tan wamanen rawuh  
pasanggrahan ing Tempuran  
sampun katur munggeng ngarsa awotsari  
nuwun kula dinuta.
28. Ing putra dalem Pangran Dipati  
kang sembah bekti katur paduka  
atur uninga wiyose  
katindhih yudanipun  
tiwas aprang lawan Kumpeni  
purwa madya wasana  
sedaya wus katur  
emeng ing tyas Sri Narendra  
wau ingkang karsa Kanjeng Sri Bupati  
anenggih ingkang putra.
29. Ingkang nama Pangeran Dipati  
Anem tinuding ababantua  
dyan adandan sabalane  
binekta wadyanipun

abdi dalem tiyang kapilih  
wus rakit ngayuda  
swarane gumuruh  
atur bekti mring kang rama  
Pangran Dipati Anem matur pamit  
ingiden mring kang rama.

30. Dipati Anem bubar tumuli  
sabalane mangidul lampahnya  
datan winarna iampuhe  
Kedungwaringin rawuh  
lan kang raka sampun kapanggih  
kang rayi tur pranata  
atata lungguh  
Kanjeng Pangeran Dipatya  
(27) Mangkunegara ingkang pangandika aris  
Yayimas paran karsa.
31. Kanjeng Rama Sang Sri Narapati  
dening para dhewe kang lumampah  
kang manah langkung kepyure  
ingkang rayi umatur  
ingkang salam rama Nrepati  
dhawuha ing sampeyan  
pangandikanipun  
ingkang dhawuh ing kawuia  
lumakua kulup babantua jurit  
marang kakang ira.
32. Kawula sinektanan wong kapilih  
sawewelinge Sri Narapata  
katur mring kang raka kalih  
dyan kang rayi sinuguh  
mring kang raka anginum sami  
dhahar minum kasukan  
aluwaran sampun  
ingkang rayi masanggrahan  
sabalane sinugata mondhok sami  
pirang antara nira.

**33. Pangran Dipati Mangkunegari**  
gennya pinarak Kedhung sewulan  
ingkang rayi sapraptane  
antara tigang dalu  
kawandasa kang para mantri  
lebet wus asiyaga  
amiranti sampun  
sadandananing ayuda  
wau Pangran Dipati Mangkunegari  
pulangsih lan pra garwa.

- (28) 34. Andhatengken sih mring para rabi  
anutugi tuwin mekas wekas  
ing ngingpere lampahane  
pra selir pulang lulut  
enjing Kanjeng Pangran Dipati  
sigra ngrasuk busana  
kaprawiranipun  
mantri lebet kawandasa  
wus sumaos tengara Pangran Dipati  
bubar mring pabarisan.
35. Lan kang rayi Pangeran Dipati  
Anem angilen sabalanira  
datan warnanen laripahe  
ing marga sigra rawuh  
Pangran Adipati sakalih  
rereb ing Waladana  
amung kalih dalu  
enjing lajeng sak abala  
lan kang rayi lampahane datan winarni  
kendel amasanggrahan.
36. Ing Rejasa sakilening Wedhi  
atetarub kang bala pepekan  
pra tumenggung sowan kabeh  
lan pra sentananipun  
pangran Mangkudiningrat tuwin  
Pangeran Purubaya  
lan kang rayi tumut

Pangeran Mangkukusuma  
sapraptane uluk salam tan asari  
pra tumenggung manembah.

37. Atanapi kang ngabdi pribadi  
wong Jawa Sarageni lan Panumbak  
mantri jaba pepak kabeh  
kalangkung sukanipun  
dening Senapati kang prapti  
kadya ulam kasatan  
kasrambahana banyu  
gumantos Gustine prapta  
sarta Pangeran Dipati Anem kang prapti  
bantoni ing ngayuda.
38. Samya matur purwaning ajurit  
duk lumajar linanggar Welanda  
niyaka ganti ature  
weneh suka gumuyu  
Pangran Dipati kakalih  
mapan lajeng kasukan  
adhhahar anginum  
pra tumenggung aledhekan  
pra sentana niyaka bingar kang galih  
purun malih angkatnya.
39. Andrawina amekar kang galih  
nutug samya wuru-wuru dawa  
dyan luar bubar kabeh  
mring pamondhokanipun  
antarane mung kalih latri  
mangkat saking Rejasa  
enjinge lumaku  
masanggrahan ing Guneman  
pra tumenggung santana samya miranti  
sabala pamondhokan.
40. Neng Guneman atata abaris  
wus miranti sabala-balanira  
kawan dalu antarane

Pangran Dipati wau  
anem putranira nerpati  
semana nandhang gerah  
ingundurken sampun  
mantuk marang Sokawatya  
sabalane lawan prajurit kapilih  
lestari lampahira.

41. Duk semana Pangeran Dipati  
neng Guneman asring jemparingan  
sentana niyaka kabeh  
tanapi pra tumenggung  
neng Teralag nika jemparing  
kang ngabdi saben dina  
Srageni pan agung  
kumrap kang sarta benthakan  
ngaben watang bebeksan aganti-ganti  
surak ambal-ambalan.
- (30) 42. Mapan kumyung gangsa cara Bali  
dalu Pangran Dipati tetegar  
ngubengi pabarisan  
malah asring mangidul  
mring Prambanan natas sawengi  
nengka baris Guneman  
gantiya winuwus  
nagri Metaram Ngayogyo  
kula bumi sedaya sampun lumadi  
mring Kumpeni Ngayogyo.
43. Sampun radin tarub wong Mela wis  
Deller mantuk dhateng ing Semarang  
lawan wong pasisir kabeh  
lan Nuprup salam mantuk  
medal Kedhu deny a lumaris  
lan pangeran Bintara  
marang Salam mantuk  
mampir medal ing Semarang  
sabalane mring Salakerta negari  
kang tinilar Ngayogyo.

- 44.** Kumpeni para kapitan kari  
pra upeksir Ambon myang Mekasar  
Bugis Bali tumenggung kantun  
neng Metaram jaga Kumpeni  
abaris ing Ngayogya  
lan sabalanipun  
pirang dina antaranya  
wus rerembag sawadyabala Kumpeni  
lan sagung pra nyiaka.
- 45.** Arsa nglanggar ingkang abaris  
mring Guneman sigra asiyaga  
wus melatar gegamane  
pinara tiga sampaun  
wong Kumpeni saderma kari  
atengga ing Ngayogya  
myang Bugis lan wangsal  
Kumpeni kang kalih duman  
nglanggar mengsa bubar pra tumenggung ngiring  
lampahe nyupiturang.
- 46.** Ngaler ngetan lampahing Kumpeni  
pan andhendheng kumerab wurahan  
nulya prapta ing lampah  
kendel sabalanipun  
neng Temanggal bala Kumpeni  
samyu apamondhokan  
lan para tumrnggung  
sabalane pamondhokan  
tiyang desa kang katrajang den rayahi  
enjang mijil kang aprang.

#### D. (MIJIL).

1. Neng Tumanggal sadalu Kumpeni  
enjang nulya budhol  
pan kumerab mangetan lampaque  
wanci bangun rahinten lumaris  
sawung kluruk muni  
pakuwon jinujug.
2. Sareng byar Prambanan prapti  
sawadya ponan wong  
baris Guneman langkung gegere  
yen linanggar ing mengsa Kumpeni  
sawanjur kula sami  
pramilane kuwur.
3. Samya lumajeng sagung pawestri  
gugup para sinom  
samya ngetan sadaya parane  
(32) samya kuwur kang para prajurit  
pra pangeran sami  
miwah pra tumenggung.
4. Samya mapag wedaling ngajurit  
sabalane kalong  
tan antara Kumpeni dhatengi  
pra pangeran pra tumenggung tuwin  
acampuh ingjurit  
gugup tur akuwur.
5. Ing Kamalong genira ajurit  
Kumpeni barondong

tan adangu kasoran yudane  
pra pangeran lan tumenggung sami  
lumayu kapati  
ngetan purugipun.

6. Salang tunjang pan arebut dingin  
lan wong cilik awor  
kang saweneh tan etang Gustine  
pamberege anander Kumpeni  
kang kacandhak mati  
mila ajrih kantun.
7. Dening Kanjeng Pangeran Dipati  
nulya mundur alon  
lawan mantri lebet prajurite  
datan kangsi acampuh jurit  
sabab kang prajurit  
tinggalan kuwur.
8. Pra tumenggung pra pangeran sami  
sabala kang sasor  
nora kandhev mangetan larute  
rebut dhucung tan wonten kang nolih  
Galodhogan prapti  
pamondhokan kumpul.
9. Kang ngabereg sagung ing Kumpeni  
(33) kandhev Wedi kang wong  
nulya nulak wangslu sabalane  
mangilen prapta Prambanan sami  
amondhok Kumpeni  
Perambanan kumpul.
10. Kumpeni ararangkah bibiting  
sawadya punang wong  
narub aken wong cilik lampuhe  
kiwo tengen padhusunan ngenting  
lumadi Kumpeni  
wong bumi wus tarub.

11. Ingkang kandheg Galodhogan bans  
ingkang wini raos  
pangran Dipati sabalane  
pra pangeran sabalane nunggil  
pra tumenggung sami  
pirem bagan sampun.
12. Mangkat ing Galodhogan lumaris  
ngidul ngetan ngalor  
samya kandheg jurit ing barise  
pra pangeran tumenggung miranti  
myang kang wadya alit  
pamondhokan sampun.
13. Dening Kanjeng Pangeran Dipati  
denira mirantos  
Pam asar ing pasanggrahane  
amung mantri jero kang kinanthi  
nulya animbali  
garwa putranipun.
14. Sabab gerah Pangeran Dipati  
dyan kang Eyang rawoh  
sareng rawuh putra garwa kabeh  
saking ardi ing Kedungwaringin  
Pam asaran panggih  
pasanggrahanipun.
15. Dening bala kang ngakathah baris  
Barija ponang wong  
angleresi ing wulan Siame  
nulya garwa penirah ken aji  
dhumateng Tasaji  
masanggrahanipun.
16. Neng Tasaji Pangeran Dipati  
sabala minantos  
pan antara sasasi gerahe  
nulya saras Pangran Dipati  
kang bala prajurit  
lega manahipun.

17. Nulya mangkat mring Ngarija aglis  
 prapta Barija wor  
 pra pangeran sawadyabalane  
 pra tumenggung para mantri Jawi  
 egar ingkang galih  
 senapati rawuh.
18. Pangeran Dipati kasukan nuli  
 ngegarken sayektos  
 pra tumenggung pra pangeran kabeh  
 atenapi para prajurit  
 ngayem-ayem galih  
 sakeh balanipun.
19. Sabalane pan datan winarni  
 gentya winiraos  
 wong Kumpeni bubar sabalane  
 saking Prambanan rumaket jurit  
 nyang wong Bugis Bali  
 Barijajinujug,
20. Tatn Winarna lampahing Kumpeni  
 genti winiraos  
 pra tumenggung Barija barise  
 pra pangeran lan pangrandipati  
 kang baris pangarsi  
 Tumenggung kaplayu.
21. Suramangunjaya atur uning  
 ing Gusti agupoh  
 yen Kumpeni Prambanan lampaque  
 sampun mangkat angglanggar mariki  
 dyan Pangran Dipati  
 atengara guguh.
22. Pra tumenggung pra pangeran sami  
 sawadya mirantos
- (35) amiranti ngara-ara kabeh  
 amelatar atata-tata baris  
 neng wetaning kali  
 gennya rakit kumpul.

23. Rakit aprang tinata prajurit  
ngara-ara abyor  
Pangran Dipati eler barise  
pra pangeran neng-tengah ngenggeni  
pra tumenggung rakit  
enggene kang kidul.
24. Samya majeng mangilen kang baris  
abro lamun tinon  
tan antara Kumpeni praptane  
sakilen lepen wadya Kumpeni  
tan purun nabrang  
kendel barisipun.
25. Myang kangwetan tan purun nabrang  
samya ngatos-atos  
dadya kendel dhep-dhepan bae  
samya dhedhep pangajengan sami  
ngantos dangu wanci  
lingsir kilenipun.
26. Dungkap ing ngasar ngantos kang jurit  
tan ana kalajo  
dangu-dangu Kumpeni lampuhe  
minger ngidul ngetan gen lumaris  
dyan nabrang ing kali  
lan sabalanipun.
27. Pra tumenggung kang tinempuh dhingin  
sawadya pun adhong  
wong Kumpeni asru pengedrele  
tan adangu denira ajurit  
pra tumenggung ngisis  
mangetan lumayu.
28. Lajeng anempuh ngaler Kumpeni  
angedrel lan mbrondong  
pra pangeran tinempuh jurite  
nora tahan pra pangeran ngisis  
(36) pra pangeran nuli  
mangetan lumayu.

29. Nora nana kang amongga pulih  
larut samya bodhol  
Kumpeni lajeng ngaler lampaque  
lajeng campuh lan Pangran Dipati  
mantri jro nadhahi  
arame prang pupuh.
30. Gya ingedrel mantri nadhahi  
apanggah ing kewoh  
Pangran Dipati panggah jurite  
kantun mantri jro panggah ing jurit  
Kumpeni mbedhili  
myang wong Bugis wangsul.
31. Campuh ulet gen nira ajurit  
kacampuh agalang  
wong Jawane wus angisis kabeh  
kantun Kumpeni lan wong Bugis Bali  
acampuh tumuli  
ulet yudanipun.
32. Pangran Dipati karoban tandhing  
mung mantri jro kang wong  
lan kapendhak pira ing kathahe  
langkung kirang sawidak kang ngabdi  
para mantri jawi  
sedaya wus larut.
33. Iba kathahe ingkang Kumpeni  
tur asru ambendrong  
tarung pandhiih sahandhap ngasare  
ngantos tambur asar genna jurit  
prang bedhil-binedhil  
mantri jro apengkuh.
34. Pangran Dipati garjiteng galih  
munduripun alon  
mantri lebet kabyatan lawane  
tinututan ingedrel Kumpeni  
nanging kang prajurit  
tan wonten kang lampus.

35. Nanging niyaka pejah satunggil  
 bendhe kang tinaboh  
 pun Galang Ganjur iku namane  
 Kumpeni burn nora atebih  
 kasaput ing wengi  
 Brija mondhek sampun.
36. Dening ingkang mentas kawon jurit  
 kewran manah elom  
 Pangran Dipati lan prajurite  
 nulya pakumpulan kandhev sami  
 kang lumayu dhimin  
 samya nulak wangslu.
37. Pra Pangeran pra Tumenggung prapti  
 adhedhev asaos  
 lingsem mulat Pangran Dipatine  
 Ngoro-oro Gobang Pasurug nenggih  
 kucem aningali  
 kang para Tumenggung.
38. Myang para Pangeran kucem sami  
 pan samya angraos  
 dening aprang dhingin palayune  
 sami tinilar ing Pangran Dipati  
 lumajeng rumiyin  
 tan sembadeng tanggup.
39. Baiane nginum samya prajanji  
 tan ana kelakon  
 nulya ngetan Pangran Dipatine  
 ngetan mondhek pinggir ing kali  
 tekeng amiranti  
 kesah balanipun.
40. Prapta dhusun Senggaringan uning  
 sedaya wus mondhek  
 aputusan tur uning surate  
 mring Susunan kang neng Sokawati  
 Tempuran kang ngaji  
 yen tiwas Sang Prabu.

41. Ingkang lukita datan winarni  
Kumpeni kang mondhol  
neng Banjo sadalu enjing  
bubar mangilen wadya Kumpeni  
mring Rrambanan malih  
pamondholan kumpul.
42. Pan asuka kang wadya Kumpeni  
neng Prambanan tanggon  
mangan nginum pra upeksir kabeh  
sarta utusan surat tur uning  
dhumateng Sang Aji  
ing Sala sigra nu.
43. Sarta dhateng Semarang tur uning  
lumepas kang kinon  
tur uninga yen lanang jurite  
kawarnaa Pangeran Dipati  
pra niyaka sami  
bubar sawadya gung.
44. Prapta siji kapanggih sepi  
dening para sinom  
para garwa miwah putra kabeh  
lajeng ngili mring Kedungwaringin  
katimbalan sami  
warnanen wus rawuh.
45. Para putra garwa sampun prapti  
nulya para sinom  
tan antara kapernah kinage  
ing Tambak aning rendhanging nginggil  
pan sampun lumaris  
rurubet sadarum.
46. Pangran Dipati lan pra prajurit  
pra pangeran among  
pra tumenggung lawan sabalane  
samya budhal mangilen lumaris  
pamondholan sami  
Brijo wetanipun.

47. Wonten Karangmanjangan abaris  
nulya wonten rawoh  
utusan kang rama praptane  
Susunan Tempuran Sokawati  
Sang Pangran Dipati  
kang duta wus kabur.
48. Mangke keng putra Jeng Pangeran Dipati  
tinimbalan lawong  
kinen karya masanggrahan age  
jeng kang rama arsa anindaki  
